

## BAB III


### MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu panalungtikan dipaké pamarekan kualitatif déskriptif kana obyék karya sastra. Nurutkeun Semi (1990:24) panalungtikan kualitatif déskriptif hartina data ngaruntuy dina wangun kekecapan atawa gambar-gambar, lain dina wangun angka. Métode mangrupa cara utama anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan kalawan maké téhnik sarta alat-alat anu tangtu (Arikunto, 2013, kc. 203). Panalungtikan ngeunaan naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita mangrupa panalungtikan kualitatif anu ngagunakeun métode déskriptif.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis. Métode déskriptif analisis dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta atawa data-data anu tujuanana pikeun nyangking unsur-unsurna, anu satuluyna dilaksanakeun tahap analisis (Ratna, 2004, kc. 53). Cindekna, métode déskriptif analisis téh nyaéta métode anu dilaksanakeun pikeun meunangkeun pasualan anu faktual anu dituluykeun kana tahap analisis. Métode déskriptif analisis dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur jeung semiotik nu aya dina naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita.

#### 3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyaéta bagan guluyurna tahap panalungtikan nu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Désain dina rarancang panalungtikan antukna bisa meunangkeun hiji logika (Pasha, 2017). Desain ieu panalungtikan baris digambarkeun saperti ieu di handap.



### **Bagan III.1 Désain Panalungtikan**

#### **3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan**

##### **3.2.1 Data**

Data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) sumber data nyaéta subjék data anu ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu hal, nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*) jeung kertas atawa dokumén (*paper*). Dumasar kana pamadegan di luhur, sumber data anu dipaké lian ti naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita, nyaéta buku-buku séjén nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

##### **3.2.2 Biografi Pangarang**



**Gambar 3.2**  
Ayi G. Sasmita

Arifa Rachmani, 2020

*NASKAH DRAMA “WANCI” KARYA AYI G. SASMITA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMA DI SMA KELAS XII (ULIKAN STRUKTURAL-SEMIOTIK)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Naskah drama “Wanci” dikarang ku salahahiji sastrawan Sunda nu kawentar nyaéta Ayi G. Sasmita nu gumelar di Subang, 6 Januari 1976. Riwayat atikan anjeunna ti SD tepika SMA di Ciasem Subang. Ayi G. Sasmita ogé salahahiji alumni di Fakultas Pertanian UNWIM (Universitas Winaya Mukti) Sumedang. Lian ti nulis naskah drama Sunda, Ayi G. Sasmita ogé salahahiji PNS di Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Kabupaten Subang. Kusabab miboga hobi kana nulis naskah drama Sunda, Ayi G. Sasmita aktif ngalatih téater di sakola ogé masih produktif dina nulis naskah drama Sunda pikeun FDBS nu dilaksanakeun unggal taun ku Téater Sunda Kiwari. Ayi G. Sasmita kawilang sastrawan nu rancagé, sabab lain ngan saukur nulis naskah drama wungkul. Ieu di handap mangrupa karya-karya Ayi G. Sasmita nyaéta

- 1) Nulis sajak/ lagu/ musikalisasi sajak (sababaraha sajak dimuat di Koran Berita Karawang).
- 2) Produksi film pendek (leuwih ti 30 judul film taun 2007-2014).
- 3) Naskah drama karya Ayi G. Sasmita nyaéta
  - a. “Nyi Ronggéng” taun 2000.
  - b. “Dina Lahunan” taun 2012.
  - c. “Cinta” taun 2012.
  - d. “Kenapa Harus Aku” taun 2013.
  - e. “Jangan Tinggalkan Aku di sini” taun 2013.
  - f. “Kalong” taun 2013.
  - g. “Tungtungna Tunggara” taun 2013.
  - h. “Cinta Katungkul ku Pati” taun 2014.
  - i. “Introgasi 340” taun 2015.
  - j. “Kalangsú” taun 2015.
  - k. “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” taun 2016.
  - l. “Haseup Durukan” taun 2017.
  - m. “Wanci” taun 2017.
  - n. “Duit” taun 2017.
- 4) Naskah Monolog karya Ayi G. Sasmita:
  - a. Monolog “Ketika Alam Berbisik” taun 2004.

- b. Monolog “Negeri Dongeng” taun 2007.
  - c. Monolog “Aborsi” taun 2012.
  - d. Monolog “Pasung” taun 2014.
  - e. Monolog “Sulaya” taun 2016.
  - f. Monolog “Tatu” taun 2016.
  - g. Monolog “Pamali” taun 2017.
  - h. Monolog “Saha Nu Salah” taun 2017.
- 5) Sutradara di Teater Lises Citraresmi UNWIM ti taun 2000-2014.
- 6) Sutradara di KOTRET (Teater Pantura Subang) ti taun 2011-2017.
- Lian ti éta, Ayi G. Sasmita kaasup sastrawan nu miboga loba préstasi. Ieu di handap mangrupa sababaraha préstasi Ayi G. Sasmita:
- 1) Nominasi Sutradara Pinunjul FDBS Remaja – Téater Sunda Kiwari Bandung taun 2011.
  - 2) Nominasi Sutradara Pinunjul FDBS Umum – Téater Sunda Kiwari Bandung taun 2012.
  - 3) Nominasi Sutradara Pinunjul FDBS Umum – Téater Sunda Kiwari Bandung taun 2014.
  - 4) Nominasi Sutradara Pinunjul FDBS Remaja – Téater Sunda Kiwari Bandung taun 2015.
  - 5) Nominasi Naskah Pinunjul Sayembara Nulis Naskah Monolog Rumaja Sa-Jabar PMBS - UNPAD taun 2016.
  - 6) Penulis Naskah Favorit FDBS Remaja – Téater Sunda Kiwari Bandung (Tungtungna Tunggara) taun 2013.
  - 7) Penulis Naskah Favorit FDBS Remaja – Téater Sunda Kiwari Bandung (Kalangsú) taun 2015.
  - 8) Penulis Naskah Favorit FDBS Umum – Téater Sunda Kiwari Bandung (Jam Hiji Duapuluh Salapan Menit) taun 2016.
  - 9) Pinunjul 2 Sayembara Nulis Naskah Monolog Rumaja Sa-Jabar PMBS – UNPAD taun 2017.

### **3.2.3 Sumber Data**

Sumber data ieu panalungtikan nyaéta naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita. Ieu naskah drama teu sacara resmi dipedalkeun atawa dibukukeun.

Naskah drama “Wanci” mangrupa koléksi naskah drama Téater Sunda Kiwari nu sacara rutin unggal taunna ngayakeun Féstival Drama Basa Sunda boh pikeun siswa boh pikeun umum. Naskah drama “Wanci” ditulis pikeun ajengkeuneun dina Féstival Drama Basa Sunda tingkat umum taun 2017. Ieu naskah drama nu diwangun ku 23 kaca téh ditulis ping 13 Séptémber 2017 di Subang ku Ayi G. Sasmita.

### **3.3 Téhnik Panalungtikan**

#### **3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salasahiji léngkah pokok dina hiji panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik talaah pustaka. Talaah pustaka nyaéta niténan, neuleuman, nalaah jeung ngaidéntifikasi sumber nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Ieu téhnik dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber data séjén nu ngarojong kana panalungtikan nyaéta ku cara maca sumber data nu patali ngeunaan strukturalisme, semiotik jeung bahan pangajaran. Lian ti éta, ieu panalungtikan perlu dibarengan ku panalungtikan saméméhna nu patali jeung ieu panalungtikan.

#### **3.3.2 Téhnik Ngolah Data**

Dina ieu panalungtikan, hal nu dianalisis nyaéta struktur carita, semiotik jeung larapna pikeun bahan pangajaran SMA kelas XII dina naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita. Ku kituna, téhnik ngolah data diolah ngaliwatan léngkah-léngkah di handap.

##### **3.3.2.1 Téhnik Analisis Struktural**

Struktur pangwangun carita drama dianalisis dumasar kana tiori struktur naskah drama dumasar kana konsép Sumardjo anu ngawengku prolog, dialog, babak, adegan, wawacang, *solilokui*, *aside* épilog sarta tiori unsur naratif drama Hasanuddin nu ngawengku téma, tokoh, latar, alur jeung amanat.

##### **3.3.2.2 Téhnik Analisis Semiotik**

Sabada nganalisis struktur, nu satulunya dianalisis nyaéta semiotik dina naskah drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita. Analisis semiotik dina ieu panalungtikan baris ngagunakeun tiori semiotik Peirce nu ngawengku ikon, indéks jeung simbol.

### **3.3.2.3 Téhnik Analisis Kritéria Bahan Ajar**


Analisis bahan pangajaran aprésiasi drama dina ieu panalungtikan dumasar kana kriteria milih bahan ajar nu ditétélakeun ku Nasution. Sabada kagiatan analisis struktural jeung semiotik, tuluy hasil tina analisis dipaluruh deui luyu atawa henteuna jeung kriteria milih bahan ajar. Upamana saluyu, ieu naskah drama bisa jadi tinimbangan pikeun bahan pangajaran aprésiasi drama SMA kelas XII.

### **3.4 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas nu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2013, kc. 262). Instrumén panalungtikan ogé dipaké ku panalungtik sangkan prosés panalungtikanna leuwih gampang. Kartu data mangrupa instrumén panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina kartu data aya sababaraha informasi ngeunaan cutatan nu ngagambarkeun struktur carita drama jeung semiotik dina naskah drama.

#### **3.4.1 Kartu Data**

##### **3.4.1.1 Kartu Data Analisis Struktural**



**Bagan III.2**  
**Kartu Data Analisis Struktural**

##### **3.4.1.2 Kartu Data Analisis Semiotik**

Keterangan : :

W : Singgetan tina naskah drama “Wanci”

- X : Adegan  
 K1 : Kaca 1  
 D1 : Dialog 1  
 N1 : Narasi ka-1

**Tabel 3.1**  
**Kartu Data Semiotik (Ikon)**

No.	Kode	Data	Interprétasi

- Keterangan :  
 W : Singgetan tina naskah drama “Wanci”  
 X : Adegan  
 K1 : Kaca 1  
 D1 : Dialog 1  
 N1 : Narasi ka-1

**Tabel 3.2**  
**Kartu Data Semiotik (Indéks)**

No.	Kode	Data	Interprétasi

- Keterangan :  
 W : Singgetan tina naskah drama “Wanci”  
 X : Adegan  
 K1 : Kaca 1  
 D1 : Dialog 1  
 N1 : Narasi ka-1

**Tabel 3.3**  
**Kartu Data Semiotik (Simbol)**

No.	Kode	Data	Interprétasi

### 3.4.1.3 Kartu Data Analisis Bahan Pangajaran

**Tabel 3.4**  
**Instrumén Tabel Analisis Bahan Pangajaran**

No.	Kritéria Milih Bahan Ajar	Naskah Drama “Wanci” karya Ayi G. Sasmita		Keterangan
		Luyu	Teu Luyu	
1.	Tujuan nu hayang dihontal.			
2.	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa.			
3.	Dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna.			
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan.			
5.	Luyu jeung kabutuh katut minat siswa.			